# QARAQALPAQ QOL ÓNERINIŃ DÚRDANALARI

**Utemuratova Raziya,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası*
*tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi bas qániygesi*

**Begjanova Ilmira,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası*
*tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi aǵa ilimiy xızmetkeri*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606396

***Annotaciya.*** *Bul maqalada Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń dástúriy kiyim-kenshekleri, olardıń materialları, naǵıs bezewleri hám mádeniy-tariyxıy áhimiyeti keń túrde bayan etiledi. Sonday-aq, jeńse hám jeńush sıyaqlı kiyim elementleriniń qurılısı, bezew usılları, reń hám toqımalarındaǵı názik naǵıslar hámde etnografiyalıq mazmunı túsindiriledi. Maqala, sonday-aq, bul kiyimlerdiń sıyasiy hám mádeniy kontekstte qanday áhimiyetge iye ekenin de kórsetedi.*
***Tayanısh sózler:*** *Qaraqalpaq kiyimi, dástúriy kiyim, hayal-qızlar kiyimi, kiymeshek, jeńse, jeńush, mawıtı, naǵıs, keste, etnografiya, mádeniy miyras.*

***Annotation.*** *This article examines the traditional clothing of Karakalpak women, focusing on their materials, decorative motifs, and cultural-historical significance. It provides detailed analysis of garments such as sleeves and jackets, including their construction, ornamental techniques, patterns, and embroidery. The study also highlights the ethnographic meaning of these clothing elements and their role in reflecting the social and cultural identity of Karakalpak communities.*
***Keywords:*** *Karakalpak clothing, traditional attire, women's dress, outer garments, sleeves, jackets, mawıtı, embroidery, keste, ethnography, cultural heritage.*

Qaraqalpaq xalqınıń bay mádeniy miyrası arasında dástúriy kiyim-kenshekler ayrıqsha orın tutadı. Ásirese hayal-qızlardıń kiyimleri óziniń reń-báreńligi, naǵıslardıń baylıǵı hám kórkem bezewleri menen ajıralıp turadı. Bul kiyimler tek kúndelik turmısta paydalanılǵan buyım bolıp qalmay, balki xalqınıń ruwxıy dúnyası, estetik qarasları hám tariyxıy rawajlanıwın sáwlelendirgen mádeniy qımbatlılıq esaplanadı. Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń kiyimleri er adamlardıń kiyiminen keskin ajıralıp, kóbinese jarıq reńleri, bay naǵısları hám quramalı strukturası menen belgilenedi. [1, B.10] Bul kiyim-kenshekler insan menen uyǵınlasıp, onıń ishki dúnyasına, xarakterine hám turmıs tárizine say túrde quralǵan. Hár bir kiyim elementi tek estetikalıq wazıypanı ǵana atqarmay, bálki belgili bir ruwxıy hám simvolikalıq mazmunǵa iye bolǵan. Sonıń ushın da dástúriy kiyim-kensheklerdiń quramalı kompleksi paydalılıq, gózzallıq hám ruwxıy tiykarlardı ózinde jámlegen bir pútin sistema retinde qaraladı. Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń kiyimlerinde paydalanılǵan materiallar arasında mawıtı ayrıqsha orın iyeleydi. Bul jún gezleme óziniń berikligi, issılıqtı saqlaw qásiyeti hám naǵıs salıwǵa qolaylılıǵı menen ajıralıp turadı. Ásirese qara hám qızıl mawıtı eń kóp qollanılǵan materiallar bolıp, olar kiyimniń tiykarǵı bólegin quraydı. Qızıl mawıtı kóbinese jas qızlar kiyiminde paydalanılǵan bolıp, ol jaslıq, energiya hám gózzallıq simvolı sıpatında qabıl etilgen. Mısalı, kiymeshek hám

sáwkele sıyaqlı bas kiyimlerdi tigiwde, sonday-aq jeńse, jeńush hám óńirshelerdi de tigiwde de qızıl mawıtı keńnen qollanılǵan. [1, B.8]

Kiyim-kensheklerde naǵıs bezew óneri de úlken áhmiyetke iye. Hár bir naǵıs kiyimniń formasına hám pishimine say túrde ornalastırılıp, onıń estetikalıq qunın asıradı. Naǵıslar arqalı hayal-qızlardıń jası, social jaǵdayı hám turmıs tárizi haqqında maǵlıwmat alıw múmkin. Jas qızlar kiyiminde jarıq hám kóz tartar reńler kóbirek qollanılsa, úlken jastaǵı hayallar kiyiminde basıq hám salmaqlı reńler basım bolǵan. [2, B.19] Naǵıslardıń túrleri hám tigiw usılları da túrli bolıp, olar materialǵa baylanıslı ózgerip otıradı. Mawıtıda islengen naǵıslar kóbinese iyretilgen, dóńgelek formalarda bolıp, ósimlik túrindegi elementlerdi sáwlelendirgen. Al bóz materialında islengen naǵıslar tuwrı sızıqlar hám múyeshler arqalı geometrik xarakterge iye bolǵan. Bul usıl shrıs tigiw dep ataladı hám ol naǵıslardıń anıq hám tártipli kóriniwine múmkinshilik beredi. [3, B.41-42]

Qaraqalpaq dástúriy kiyimleriniń eń qızıqlı elementlerinen biri – jeńse esaplanadı. Jeńse kóylek yamasa ton jeńine qosımsha retinde kiygizilip, kóbinese bayram hám merekelerde paydalanılǵan. Ol qızıl hám qara mawıtı jollarınan qurılıp, olarǵa keste arqalı naǵıslar salınǵan. Ayrım jaǵdaylarda jeńseler qundız yamasa basqa teriler menen qaymalanıp, olarǵa jáne de bay hám kórkem túr berilgen. Jeńse naǵıslari kóbinese sızıqlı kompoziciya túrinde bolıp, kiyimniń uzınlıǵı boylap jaylasadı. Jeńush jeńsege qaraǵanda kelte, onıń baslı naǵıs úlgileri eki-úshten artpaydı. Onıń naǵısları kóbinese qızıl kiymeshek yamasa aq jegde jaǵa naǵıslarına uqsas bolıp, ózine tán ayrıqsha kompoziciyasına iye. Bózden islengen jeńushlarda shrıs tigiw usılı qollanılıp, olarǵa geometrik kórinis berilgen.

Jeńush hám jeńselerde tiykarınan ósimlik hám haywan tárizli naǵıslar qollanıladı. Ósimlik naǵısları arasında qaralı gúl, erik gúli yamasa ashılǵan gúl kóp ushırasadı. Sonıń menen birge, "túye taban" naǵıslarıda bar bolıp, olar tikkeley túye izinen kelip shıqpaǵan, al ósimlik motivleri menen baylanısqan. Bul naǵıslar júdá siyrek ushırasadı, túye taban naǵısın "ógiz sıyraq" depte ataǵan. Bul naǵıslar tiykarınan keste islewge tán bolıp, basqa túrdegi qaraqalpaq kesteshiliginde ushıraspaydı. Haywan tárizli naǵıslarǵa bolsa qos múyiz naǵısı kiredi. Jáne shanıshqı naǵısta ushırasadı. Solay etip, jeńush hám jeńselerde ósimlik hám haywan tárizli naǵıslar úylesken siyrek ushırasatuǵın hám xarakterli naǵıslar bar. [4, B.17-29]

Dástúriy kiyim-kensheklerdiń etnografiyalıq hám tariyxıy áhmiyeti de úlken. Bul kiyimler arqalı qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy rawajlanıwı, basqa xalıqlar menen baylanısı hám mádeniy baylanısları haqqında maǵlıwmat alıw múmkin. Izertlewshiler jeńse elementin áyyemgi Xorezm mádeniyatı menen baylanıstıradı. Bul bolsa onıń tereń tariyxqa iye ekenligin kórsetedi. Sonday-aq basqa regionlar, ásirese Volga boyı hám Kavkaz xalıqlarında da uqsas kiyim elementleriniń bar ekenligi anıqlanǵan. Izertlewshiler ózleri keste tikken hám jeńse kiygen, házir bolsa áyyemgi shańaraqlıq estelik sıpatında saqlanıp atırǵan kóplegen ónerment hayallar menen ushırasqan. Olardan jeńse satıp alǵan, naǵıslardıń atları hám jaylasıw tártibin bilip alǵanlıǵı haqqında aytıp ótken. Usı materiallar tiykarında naǵıslar katalogı dúzilgen.

Olar ónermentler menen yaǵnıy, 1960–70-jıllarda Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarında belgili ónermentlerdiń biri 80 jasar Qutlımuratova Susarı bolıp, ol Shımbay rayonınıń Shaxaman awılında jasaǵan; jáne bir ónerment – 77 jasar Kadirimbetova Bibi Moynaq rayonınıń Porlıtaw awılında jasaǵan ónermentler menen ushırasqanlıǵın jazıp keltirgen. [5, B.87-88]

Qaraqalpaq dástúriy kiyim-kensheklerin tayarlawda hayal-qızlardıń roli ayrıqsha áhmiyetli bolǵan. Olar kesteshilik, naǵıs salıw hám kiyim tayarlawda úlken sheberlik kórsetken. Hár bir naǵıs, hár bir reń hám hár bir tigis ózine tán mániske iye bolıp, xalıq turmısındaǵı úrp-ádetler, qádiriyatlar hám tábiyattıń gózzallıǵın sáwlelendirgen. Ónerli hayallar ózleriniń tájiriybesin áwladtan-áwladqa jetkerip, bul ónermenchilikti saqlap qalǵan. Qaraqalpaqstannıń túrli rayonlarında islegen sheberlerdiń buyımları búgingi kúnde de mádeniy miyras sıpatında qádirlenedi hám áyyemgi ónermentshilik mektebiniń úlgisi bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde bul dástúriy kiyim-kenshekler muzeylerde saqlanadı hám kórsetiledi. Muzeyler bul buyımlardı tek ǵana kórgizbe sıpatında emes, al xalıqtıń tariyxıy, mádeniy hám estetikalıq miyrasın úyreniw quralı sıpatında usınadı. Hár bir kiyim hám aksessuar óziniń jaratılıw tariyxı, qollanılǵan materialları, naǵıslarınıń mánisi hám reńleri menen birgelikte xalıq turmısınıń ráńbáreń táreplerin sáwlelendiredi. Máselen, naǵıslar arqalı shańaraqlıq úrp-ádetler, turmıs tárizi, ruwxıy jaqtan kúshli bolǵan qádiriyatlar hám jámiyettegi ózine tánlikler haqqında maǵlıwmat alıw múmkin. Muzeylerde kiyimler menen birge, hayal-qızlardıń dóretiwshilik procesi de sáwlelendiriledi. Kórgizbelerde olar islegen ásbaplar, sabaqlar, iyneler hám hátte islew texnikası da kórsetiledi. Bul bolsa tek ǵana eksponatlar arqalı emes, al dóretiwshilik processti túsiniw arqalı da mádeniy miyrastı jáne de tereńirek ańlaw imkaniyatın beredi. Usı tárizde, jas áwlad ótmish ónermentshilik tájiriybesi menen tanısıp, óz milliy qádiriyatın qádirlewge úyretiledi.

Ulıwma alǵanda, qaraqalpaq hayal-qızlarınıń dástúriy kiyim-kenshekleri xalıq mádeniyatınıń ajıralmas bólegi bolıp, onda estetika, qolaylıq hám ruwxıy mazmun úylesken. Muzeyler bul miyrastı saqlaw hám keń jámiyetshilikke jetkeriwde oraylıq rol atqaradı. Sonıń menen birge, olar izertlewshiler, studentler hám kórkem óner ıqlasbentleri ushın da oqıw deregi bolıp xızmet etedi. Dástúriy kiyim-kensheklerdi saqlaw, olardı keyingi áwladqa jetkeriw hám muzey arqalı kórsetiw arqalı Qaraqalpaq xalqınıń tariyxıy hám mádeniy ózligin saqlawǵa úlken úles qosıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Qarlibaev M.A., Qurbanova Z.I.,"Qaraqalpaq kostyum" Nókis – 2014. 8-10 -b.
2. Алламуратов А. "Қарақалпақ искусствасының тарийхынан" Қарақалпақстан баспасы. Нөкис – 1968. 19-б.
3. Алламуратов А. "Мәнги мийрас" Нөкис "Билим баспасы" – 1993. 41-42 б.
4. Уразимова Т.В, Қурбанова З, Уразбаева С.К, "Қарақалпақ нағыслаў өнери" Нөкис – 2019. 17, 29 б.
5. Жданко Т. А., Камалов С. К. Етнография Каракалпаков. XIX-начало XX века (Материалы и Исследования) Ташкент издателство Фан. 1980. 87-88 -б.